

SS.7.C.3.13 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye objektif konstitisyon an (bay yon deskripsyon pou gouvènman an, limite otorite gouvènman an, pwoteje dwa pèp la).

Yon konstitisyon se yon plan ki ekri pou gouvènman an. Nan yon konstitisyon, pouvwa ak responsablite gouvènman yo enimere, pouvwa gouvènman an limite nan sèten fason, e yo pwoteje dwa moun yo.

Konstitisyon peyi Etazini an bay yon kad (deskripsyon) pou kouman gouvènman an pral travay. Nan peyi Etazini, Konstitisyon an kreye twa branch nan gouvènman an – **lejislatif la**, **egzekitif la** ak **jidisyè a** - ak defini pouvwa yo, responsablite yo, ak wòl chak branch yo.

Konstitisyon an esplike limit sou pouvwa twa branch sa yo nan kreye yon sistèm **kontwòl ak balans**. Sistèm sa a garanti ke pa gen okenn nan youn nan branch gouvènman yo ki ka vin gen plis pouvwa pase lòt branch yo. Men yon egzanp kontwòl ak balans: **Kongrè a** fè yon lwa, **prezidan an** ka deside mete **veto** sou lwa a, ak **Lakou Siprèm peyi Etazini** ka detèmine ke lwa a **pa konstitisyonèl**.

Konstitisyon an pwoteje dwa pèp la tou. Yo te ajoute **Deklarasyon Dwa yo** nan lis dwa Konstitisyon pèp la, li eksplike limit sou pouvwa gouvènman an. Egzanp, Twazyèm Amanman an di ke gouvènman an pa ka fè moun bay solda ladesann (ba yo yon kote pou yo rete nan kay yo) nan tan lapè.

Branch ekzekitif - branch nan gouvènman ki ranfose lwa ke branch lejislatif la te fè yo

branch jidisyè - branch gouvènman an ki entèprete lwa yo ke branch lejislatif la te fè

branch lejislatif - branch gouvènman ki kreye lwa yo

Deklarasyon Dwa - dis premye amanman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

ki pa Konstitisyonèl – Ki pa an akò avèk Konstitisyon peyi Etazini

Kongrè a – kò nasyonal lejislatif nan peyi Etazini, ki fòme ak Sena a, oswa chanm wo, ak Chanm Reprezantan an, oswa chanm ba

kontwòl ak balans - yon prensip nan gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an limite pouvwa lòt branch yo

Lakou Siprèm peyi Etazini - tribinal ki pi wo nan peyi Etazini; li chita sou tèt sistèm tribinal federal la

prezidan – Pi gwo chèf nan branch ekzekitif la

veto - desizyon otorite egzekitif tankou yon prezidan oswa gouvènè pou rejte yon lwa branch lejislatif la te pase